



Dongeng

Lelakone Mega Putih





Ing wanci esuk kang padhang, Mega Putih tangi turu
kanthi bungah. Dheweke siap miwiti jajah dina iki.






Sadurunge aku
nemoni kancaku,
aku pengen ngajak
Sahabat Kraton
ndelok kepriye
carane aku bisa
kawujud lan
nglayang.



Ngerti ora Sahabat Kraton, yen Mega Putih
kuwi kawujud saka uwab utawa kukusing
banyu? Uwab banyu yaiku gas kang ora katon.
Uwab banyu metu amarga panasing srengenge
marakke banyu kali, tlaga, utawa segara
nguwab banjur munggah menyang akasa.

Uwab banyu kang mumbul munggah, nglumpuk ing akasa kang luwih adhem.
Tetes-tetes banyu cilik wiwit kawujud ing sakiwa-tengene lebu,
mujudake Mega Putih kang cilik lan kaya kapuk.



Nalika uwab banyu munggah saya dhuwur, hawa ing kana luwih adhem. Uwab banyu iki malih dadi tetes-tetes banyu kang cilik banget. Tetes-tetes iki nglumpuk ing sakiwa-tengene lebu ing awang-awang, banjur cling! Dadi aku, si Mega Putih, kang bagus iki. Aku kalebu jinising Mega Cumulus!

Mega Putih kang jinising Cumulus nglayang-nglayang. Dheweke weruh kanca-kanca liyane kang wujudé beda, ana kang leter lan amba kaya babut.






Waaah, halo kanca-kanca!
Kowe ayu banget!
Kowe sapa, kenapa wujud
awakdhewe beda?

Aku Mega Stratus, awakdhewe iki pancen wujud
rada tipis lan leter. Awakdhewe seneng nglimputi awang-awang.
Awakdhewe kerep nggawa udan gremis utawa salju kang tipis.

Mega Putih pengen weruh wujud mega liane. Dheweke mabur luwih dhuwur maneh lan dhuwur banget ing awang-awang. Ing kana, dheweke ketemu karo mega kang alus lan entheng.






Waaah, kowe kabeh
dhuwur banget uga apik.
Kowe kabeh sapa? wujudmu
katon kaya urat kang alus, tipis
uga pisah-pisah kaya ta wulune
manuk utawa sapuan kuwas.

Heiii, aku kabeh Mega Cirrus,
ingkang kedadeyan saka pringkilan
es cilik-cilik. aku kabeh kerep dadi
pathokaning para ahli ing bumi
nalik ana owahing cuaca.


Ora suwe, Mega Putih weruh kelompok mega liane kang katon kaya ombak
utawa grombolan domba cilik kang jejer-jejer rapi.



Lucuneee kowe kabeh!
Tepungna aku
Mega Putih Cumulus.
Kowe kabeh sapa?



Tepungna, aku Altocumulus, aku kerep katon
nalika awan kang padhang.
Aku kedadeyan saka tetes banyu
lan uga pringkilan es.





Mega Putih saiki ana ing tengahé mega-mega kang katon klawu
lan sumebar ing awang-awang,
nutupi separone srengenge.
Awang-awang dadi katon mendhung.

Kowe kabeh sapa?
Apa kowe
Mega Stratocumulus
kang kondhang iku?



Hahahahah...
Apa kang mbok krungoni
bab aku kabeh?






Kowe kabeh wujud padhet banget kaya ta kapuk lan kerep nglimputi awang-awang.

Bener banget, lan aku kabeh kulina metu nalika sore kang ndadekake awang-awange katon tentrem lan endah.

Mega Putih mesem seneng, dikubengi karo maneka warna jinising mega kang lagi wae ditemoni, ana Cirrus, Stratus, Altocumulus, lan Stratocumulus, uga srengenge kang lagi ambles ing kadohan.



Kena ngapa wujud mega bisa beda-beda?

Mega kaya kumpulan plembungan sabun kang cilik banget.
Plembungane bisa seje-seje wujud amarga:





1. Panggonan Seje: Ana plembungan yang mabure cendhek, cedhak karo awake dhewe, ana uga kang mabure dhuwur banget. Angin ing papan kang cendhek luwih anget, dadi plembungane bisa dadi prongkalan kang luwih gedhe kaya kapuk. Angin ing papan kang dhuwur bisa adhem banget, dadi plembungane njendhel lan wujud dadi tipis kaya ta wulu pitik.



2. Silire angin: Angin ing awang-awang bisa nyebul lan ngowahi wujud plembungan. Nalika angine banter, plembungane dadi dawa lan suwek-suwek. Nalika angine alon, plembungane tetep awujud prongkalan lan bunder.



3. Gunggunging plebungane: Menawa plebungane sithik, wujudé bisa kepisah-pisah. Nalika plebungane akeh, kabeh nempuk dadi siji lan dadi sap-sap kang kandel kaya ta slimut.



Dadi, wujuding mega beda-beda amarga panggone,
adhem panasing hawa, lan angin kang nyebul.

